



Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

Enfome. Edike. Defann.

Seksyon 504 nan ak Rehabilitasyon 1973 Ia ak Elèv ki gen Andikap

YON TI KOUT JE

Seksyon 504 la se yon lwa federal ki la pou pwoteje elèv ki gen andikap ki nan nenpot pwogram lekol pou resevwa asistans finans federal. Li enkli lekol piblik, inivèsite, ajans edikasyon nan eta a ak local. Li se yon ak dwa civil ki entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap fizik ak mantal: (1) pwoblèm fizik oubyen mantal ki limite yon gwo pati nan aktivite lavi moun nan; (2) Dosye sou andikap sa yo; (3) Ke yo konsidere tankou ki gen andikap sa yo.

KISA KI YON ANDIKAP FIZIK OUBYEN MANTAL?

Yon andikap fizik oubyen mantal se nenpot maladi fizyolojik oubyen kondisyon, komestik, defigirasyon, oubyen pèdi yon manb nan kò yo ki afekte youn oubyen plis sistèm sa yo: neurolojik, misk, ògan sans yo; Respiratwa, ki enkli ògan pale; Kadyovaskilè; reproduksyon; dijestif; jenotoirinè; lenfatik; po oubyen endokrin; oubyen nenpot lot andikap mantal oubyen sikolojik, tankou anreta mantal, pwoblèm tèt, oubyen emosyonèl oubyen maladi mantal, ak lot andikap espesyal.

KISA KI GWO AKTIVITE NAN LAVI YON MOUN?

Gwo aktivite nan lavi yon moun gen ladan l: pran swen tèt ou, wè, tande, fè aktivite manyèl, manje, mache, kanpe, pale, respire, li, konsantre, panse, ak kominike.

E si yon elèv ka itilize yon aparèy pou konpanse ak andikap li a?

Gen kèk mezi ke yo ka konsidere lè yon elèv gen yon andikap. Yon andikap ka pa konsidere tankou yon andikap total paske gen amelyorasyon lè yap itilize yon aparèy oubyen pran medikaman.

Kisa mwen dwe fè si mwen panse pitit mwen an ka kalifye men li pokò idantife?

Si yon paran kwe ke pitit li ka bezwen sèvis espesyal oubyen lòt akomodasyon , yo ka mande pou lekol la fè yon evaliyasyon selon sa ki baze sou ak edikasyon moun ak andikap yo (IDEA). Demand sa dwe fèt a lekri. Evaliyasyon sa dwe detèmine si timoun nan gen yon andikap anba IDEA e li bezwen sèvis edikasyon espesyal . Si timoun nan pa kalifye anba IDEA, akomodasyon Seksyon 504 dwe pale ak lekol la.

Pou plis enfomasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki ede paran angaje yo nan edikasyon pitit yo.



Kisa ki a pase si pitit mwen kalifye pou yon plan 504?

Ak sa ki ekri nan tout dokimantasyon ak evaliyasyon yo, lekol la dwe ekri yon plan ki gen ladanl akomodasyon apopriye ak sèvis ke elèv la bezwen pou patisipe nan aktivite lekol yo.

Èske lekol yo dwe fòmèl evalye elèv pou detèmine si li elijib pou resevwa sèvis anba Seksyon 504?

Wi. Lekol la dwe evalye elèv anvan yo detèmine si yo kalifye pou sèvis e anvan yo deside ki sèvis apopriye. Yon lwa general, pwosedi evaliyasyon Seksyon 504 yo pa two diferan ak kondisyon IDEA mete pou edikasyon espesyal, sepandan, Distri lekol yo ka gen yon pwosès evaliyasyon ki diferan pou Seksyon 504 la ke yo genyen pou IDEA

Seksyon 504 la mande pou "enfomasyon anpil lot sous konsidere ak dokimantasyon (Tès akonplisman, rekomandasyon pwofesè, kondisyon fizik, background sosyal ak kiltirèl, konpotman, ak obsèvasyon paran, pwofesè, ak pèsonèl lekol).

Èske lekol yo dwe evalye elèv ke yo refere anba Seksyon 504 la ?

Seksyon 504 pa bay yon dwa absoli pou yon demand evaliyasyon; si Distri lekol la pa dako demand paran paske li kwe ke timoun nan pa kalifye, li dwe enfòme paran dwa ke yo genyen pou defye desizyon Distri a pou pa fè evaliyasyon an **OCR 19 IDELR 1127 (July 19, 1993)**

Pitit mwen an gen yon plan 504?

Wi. 504 bay anpil pwoteksyon pou asire ke elèv ki gen andikap pa sispann/ deyo (1) si andikap yo a koze konpòtman yo ak(2) yon fason ki pa tap aplike pou elèv ki pa gen andikap. Anba Seksyon 504 and tit II, elèv ki gen andikap pa dwe pini oubyen discipline akoz konpòtman ki se koz andikap yo. Pou pwoteje kont sa, lekol la dwe gen yon reyinyon avan yo sispann yon elèv ki gen andikap pou plis ke 10 jou youn dèyè lot pandan yon ane lekol.

Kisa mwen dwe fè si mwen gen enkyetid sou dwa yon timoun anba Seksyon 504 la?

Paran yo ka kontakte lekol yo oubyen distri 504 kòdi-natè. Paran yo ka mande tou yon kopi tout kondisyon ki nan distri 504 yo a, ki gen ladan I pwosedi yo ka fè si yo pa dako ak lekol la.

Plent Seksyon 504 nan Delaware envestige nan:

Office of Civil Rights
U.S. Department of Education
The Wanamaker Building
100 Penn Square East, Suite 515
Philadelphia, PA 19107-3323



Pou plis enfomasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta ki ede paran yo angaje yo nan edikasyon pitit yo.

